

Plan Transfè Dijans pou Viktim Vyolans Domestik, Vyolans nan relasyon, Agresyon Seksyèl, oswa Asèlman

Emergency Transfer Plan for Victims of Domestic Violence, Dating Violence, Sexual Assault, or Stalking

Medford Housing Authority Otorite Lojman Medford

Otorite Lojman Medford enkyete sou sekirite aplikan, lokatè, ak patisipan li yo e enkyetid sa etann a lokatè yo ki viktim vyolans domestik, vyolans nan relasyon, agresyon seksyèl oswa asèlman. Annakò avèk Lwa sou Vyolans Domestik kont Fanm (VAWA), Otorite Lojman Medford pèmèt lokatè yo ki viktim vyolans domestik, vyolans nan relasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman pou mande yon transfè ijans nan inite aktyèl lokatè a pou ale nan yon lòt inite. Malgre non lwa sa a, pwoteksyon VAWA disponib pou tout viktim vyolans domestik, vyolans nan relasyon, agresyon seksyèl, ak asèlman kèlkeswa sèks idantite seksyèl, oswa oryantasyon seksyèl. Otorite Lojman Medford pap fè diskriminasyon sou baz nenpòt karakteristik pwoteje, sa ki gen ladan ras, koulè, orijin nasyonal, sèks, kondisyon familyal, andikap, oswa laj. Lojman HUD-sibvansyone ak lojman HUD-asire dwe disponib a tout moun ki otreman kalifye kèlkeswa oryantasyon seksyèl aktyèl oswa sa yo pèsevwa, idantite seksyèl, oswa kondisyon matrimonyal. Kapasite Otorite Lojman Medford pou onore demann sa yo pou lokatè yo ki aktyèlman ap resevwa asistans, toutfw, ka depann sou yon desizyon preliminè ke lokatè a te yon viktim vyolans domestik, vyolans nan relasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman ak si Otorite Lojman Medford gen yon lòt inite lojman e li an sekirite pou ofri lokatè yo lojman tanporè oswa pi pèmanan.

Plan sa a idantifye lokatè yo ki kalifye pou yon transfè ijans, dokiman ki nesesè pou mande yon transfè dijans, pwoteksyon konfidansyalite, kijan yon transfè ijans ka rive, ak gid sou sekirite ak pwoteksyon lokatè yo. Plan sa a baze sou yon modèl transfè ijans ke Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) te pibliye, ajans federal la sipèvize Otorite Lojman Medford an konfòmite avèk VAWA.

Kalifikasyon pou Transfè Ijans

Yon lokatè ki se viktim vyolans domestik, vyolans nan relasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman, jan li dekri nan règleman HUD nan 24 CFR pati 5, sou-pati L kalifye pou yon transfè ijans, si lokatè a rezonabman kwè ke gen yon menas danje iminan pou plis vyolans si lokatè a rete nan menm inite a. Si lokatè a se yon viktim agresyon seksyèl, lokatè a ka kalifye tou pou transfè si agresyon seksyèl la te rive nan lokal la nan peryòd 90-jou kalandriye ki presede yon demann pou yon transfè ijans. Yon lokatè ki mande yon transfè ijans dwe ekspresman mande transfè a annakò avèk pwosedi yo ki dekri nan plan sa a.

Lokatè yo ki pa nan bon pozisyon ka toujou mande yon transfè ijans si yo reponn a egzijans kalifikasyon nan seksyon sa a.

Dokiman pou Mande Transfè Dijans

Pou mande yon transfè dijans, lokatè a ap enfòmè Manadjè Otorite Lojman Medford oswa Travayè Sosyal Lwaye Lojman ki pral kominike avèk konfidansyalite avèk lokatè oswa patisipan pou mande moun nan pou l soumèt yon (Fòm HUD 5383). Otorite Lojman Medford ka aksepte yon sètifikasyon alekri, oswa oto-sètifikasyon vèbal pou yon transfè dijans si otorite a okouran de yon ensidan oswa ensidan vyolans domestik, vyolans nan relasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman. Si yo aksepte yon sètifikasyon alekri oswa oto-sètifikasyon vèbal, Otorite Lojman Medford ka mande tou alekri ke viktim lan bay dokiman sou vyolans domestik, vyolans nan relasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman jan li deklare nan (Fòm HUD 5383).

Si yon lokatè gen dokiman yon twazyèm pati ki demontre ke yo kalifye pou yon transfè ijans yo ta dwe soumèt enfòmasyon sa a bay Otorite Lojman Medford Housing si li ansekirite pou fè sa.

Konfidansyalite.

Otorite Lojman Medford ap kenbe konfidansyèl nenpòt enfòmasyon ke lokatè a soumèt pou l mande yon transfè ijans ak enfòmasyon sou transfè ijans lan sof si lokatè a otorize pèmision Otorite Lojman Medford pou bay enfòmasyon sou yon baz tan limite, oswa divilgasyon enfòmasyon an egzije pa lalwa. Divilgasyon enfòmasyon obligatwa pou itilize nan yon pwosedi degèpisman oswa odyans ki gen rapò avèk asistans pou tèminalasyon nan pwogram ki kouvri a. Sa a gen ladan kenbe konfidansyèl nouvo lokal inite lojman lokatè a, si yo bay youn, de moun (yo) ki angaje nan yon zak vyolans domestik, vyolans nan relasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman kont lokatè a.

Lè ak Disponibilite Transfè Ijans

Otorite Lojman Medford pa ka garanti yon demann transfè ap apwouve oswa konbyen tan lap pran pou trete yon demann. Otorite Lojman Medford ap, toutfwa, ajì osi rapidman ke posib pou deplase yon lokatè ki viktim de vyolans domestik, vyolans nan relasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman nan yon lòt inite, sijè a disponibilite ansanm avèk sekirite yon inite. Si yon lokatè kwè rezonableman yon transfè pwopoze pa ta bon, lokatè a ka mande yon transfè nan yon lòt inite. Si yon inite disponib, lokatè ki transfere a dwe dakò pou l konfòmè avèk tèm ak kondisyon yo ki gouvènè okipasyon nan inite kote yo te transfere lokatè a. Otorite Lojman Medford pap anmezi pou transfere yon lokatè a nan yon inite patikilye si lokatè a pat oswa pa ka etabli elijibilite pou inite sa.

Si Otorite Lojman Medford pa gen inite ansekirite ki disponib pou yon lokatè ki bezwen yon transfè ijans kalifye, Otorite Lojman Medford ap ede lokatè a nan idantifye lòt founisè lojman ki ka gen inite ansekirite ki disponib kote lokatè a te ka demenaje. Sou demann lokatè a, Otorite Lojman Medford ap ede lokatè a tou lè li kontakte òganizasyon lokal yo ki bay asistans a viktim vyolans domestik, vyolans nan relasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman ki atache a plan an.

Kalite Transfè Dijans

Ijans- Transfè Ijans Entèn deplasman nan yon lòt inite kote lokatè ta ka pase nan yon pwosesis aplikasyon pou abite nan nouvo inite a; e

Transfè Ijans Ekstèn – Deplasman ijans nan yon nouvo inite kote lokatè a kategorize kòm yon nouvo aplikan e li dwe pase nan pwosesis aplikasyon an.

Transfè Ijans:

Lojman Piblik

Si ou se yon lokatè Lojman Piblik e ou mande yon transfè dijans jan li dekri nan plan sa a, Otorite Lojman Medford Housing ap ede w avèk yon Transfè Dijans Entèn lè li bay premye apatman ansekirite ki gen gwosè apwopriye pou akomode fanmi w nan devlopman lojman li yo nan tout vil la.

Asistans ki baze sou Lokatè

Si ou se yon patisipan nan yon pwogram HCV ki baze sou-lokatè epi mande yon transfè ijans jan li dekri nan plan sa a, MHA a ap ede ou avèk yon Transfè Dijans Entèn pou demenaje nan yon inite ki pi ansekirite rapidman lè ou itilize kupon asistans ou ki egziste deja. MHA a ap fè eksepsyon nan règleman pwogram restriksyon pou demenaje jan sa obligatwa. Sou demann ou, MHA ap refere w bay òganizasyon ki ka plis anmezi pou ede ou.

Asistans ki baze sou Pwojè:

Si ou nan Pwogram kupon ki baze sou pwojè (PBV), ou ka mande yon transfè dijans dapre pwogram ki annaprè yo ke ou pa oblije aplike:

- Kupon ki baze sou lokatè, si disponib
- Asistans ki baze sou Pwojè nan menm pwojè a (si yon inite vid disponib e ou detèmine ke inite a ansekirite.

Transfè Dijans Ekstèn pap gen priyorite sou lis datant admisyon pou kalite asistans sa yo. Sou demann ou, Otorite Lojman Medford pral refere w bay òganizasyon yo ki ka plis anmezi pou ede ou.

Sekirite ak Pwoteksyon Lokatè yo

Pwoesis datant sou demann transfè sa nou ankouraje lokatè a pou l pran tout prekosyon rezonab pou l ka ansekirite. Lè yo fin apwouve demann lan ak lè yo fin apwouve transfè nan yon lòt inite, nou ankouraje lokatè a pou l kontinye pran tout prekosyon rezonab pou l ka ansekirite.

Nou ankouraje lokatè yo ki oswa te viktim vyolans domestik pou kontakte Liy Dirèk Nasyonal Vyolans Domestik nan 1-800-799-7233, oswa yonabri lokal vyolans domestik, pou asistans nan kreye yon plan sekirite. Pou moun yo ki gen difikilte pou tande, ou ka jwenn aksè nan liy dirèk la lè ou rele 1-900-787-3224 (TTY). Lokatè yo ki te viktim agresyon seksyèl ka rele Rape, Abuse & Incest National Network's National Sexual Assault Hotline nan 800 656-HOPE, oswa vizite liy dirèk inik la nan <https://ohl.rainn.org/online/>. Lokatè yo ki viktim oswa te viktim asèlman kap

chèche èd ka vizite Sant Resous National Center for Victims of Crime’s Stalking nan <https://www.victimsofcrime.org/our-programs/stalking-resource-center>.

Atachman:

- A. Óganizasyon Lokal yo kap ofri asistans a viktim vyolans domestik, vyolans nan relasyon, agresyon seksyèl, oswa asèlman;
- B. Fòm Sètifikasyon HUD sou Vyolans Domestik HUD 5382;
- C. Fòm Demann Transfè Ijans HUD 5383.

Adopte: 14 Jen 2017

Anèks A.

Óganizasyon Lokal yo ap ofri Asistans a viktim vyolans domestik, vyolans nan relasyon, abi seksyèl oswa asèlman:

1. **Medford Police Department**
 - Domestic Service Unit: 781 391 6778
 - Rape Hotline: 781 391 6779
 - <http://www.medfordpolice.ocm/Domestic.htm>
2. **RESPOND (Somerville)** 617 623-5900
3. **Asian Task Force Against Domestic Violence (Boston)** 617-338-2355
4. **Casa Myrna Vazquez (Boston)** 1-800-992-2600
5. **Elizabeth Stone House (Jamaica Plain)** 617 522 3417
6. **FINEX House (Jamaica Plain)** 617 288 1054
7. **HarborCov (Chelsea)** 617 884 9909
8. **REACH (Waltham)** 1-800 899 4000
9. **Renewal House (Boston)** 617 566 6881
10. **Transition House (Cambridge)** 617 661 7203
11. **Portal to Hope (Everett/Malden Services)** 781 338 7678

Other Numbers for Domestic Violence and Abuse:

12. SafeLink 1-877-785-2020 (toll free)
13. SafeLink TTY 1-877-521-2601
14. National Domestic Violence Hotline 1-800-799-7233
15. National Sexual Assault Hotline 1-800-656-4673
16. Elder Abuse Hotline: 1-800 922 2275 (24 Hours)
- 16 DSS Child at Risk Hotline 1-800-792-5200 (24 Hours)
- 17 People with Disabilities 1-800 426 9009 (24 Hours)
18. USA National Child Abuse Hotline: 1-800 422 4453 (24 Hours)